И. ЮСУПОВ ДӨРЕТИЎШИЛИГИНДЕ АНА ЎАТАН ТЕМАСЫ

Гуззал Отепбергенова
филология илимлери бойынша философия докторы (PhD)
Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты Нөкис филиалы

ТЕМА РОДИНЫ В ТВОРЧЕСТВЕ И.ЮСУПОВА

Гузал Отепбергенова
доктор философии (PhD) по филологическим наукам
Нукусский филиал Государственного института искусств и культуры Узбекистана

THE THEME OF THE MOTHERLAND IN I.YUSUPOV'S WORKS

Guzal Otepbergenova
Doctor of Philosophy in Philological Sciences
Nukus branch of the Uzbekistan State Institute of Arts and Culture

Таяныш сөзлер: И.Юсупов, Ана Ўатан, ўатан сүйиўшилик, ана тили, миллий өзлик, еркинлик, экологиялық жуўапкершилик, ҳүждан, пуқаралық позиция.

Резюме. Мақалада қарақалпақ халқының көрнекли шайыры И.Юсупов дөретиўшилигиндеги Ана Ўатан темасының идеялық-көркемлик өзгешеликлери талланады. «Туўған жер», «Бул жер еле зор болады», «Ана тилиме», «Төк таўындағы ойлар» ҳәм «Халық сөзлери» қосықлары мысалында Ўатан образының туўған топырық, ана тили, миллик өзлик, еркинлик, экологиялық жуўапкершилик, ҳүждан ҳәм пуқаралық парыз түсиниклери менен байланысы ашып бериледи. Шайыр поэзиясында ўатан сүйиўшилик сезими тек мақтаныш түринде емес, ал хылықтың тәғдири, тәбиятты қорғаў, нызымды ҳүрметлеў ҳәм келешек әўлад алдындағы жуўапкершилик сыпатында көринетуғыны атап өтиледи.

Ключевые слова: И.Юсупов, Родина, патриотизм, родной язык, национальное самосознание, свобода, экологическая ответственность, совесть, гражданская позиция.

Резюме. В статье анализируются идейно-художественные особенности темы Родины в творчестве выдающегося каракалпакского поэта И. Юсупова. На примере таких стихотворений, как "Родная земля," "Эта земля ещё будет прекрасна," "Моему родному языку," "Мысли на горе Ток" и "Народные слова," раскрывается связь образа Родины с такими понятиями, как родная земля, родной язык, национальное самосознание, свобода, экологическая ответственность, совесть и гражданский долг. В поэзии поэта патриотизм выражается не только как гордость, но и как ответственность за судьбу народа, защиту природы, уважение к закону и будущим поколениям.

Keywords: I. Yusupov, Motherland, patriotism, native language, national identity, freedom, ecological responsibility, conscience, civic position.

Summary. The article analyzes the ideological and artistic features of the theme of Motherland in the works of the prominent Karakalpak poet I. Yusupov. Through the poems "Native Land," "This Land Will Be Great," "To My Mother Tongue," "Thoughts on Mount Tok," and "Folk Words," the connection between the image of the Homeland and the concepts of native soil, mother tongue, national identity, freedom, ecological responsibility, conscience, and civic duty is revealed. It is emphasized that in the poet's poetry, the feeling of patriotism is seen not only in the form of pride, but also as responsibility for the fate of the people, the protection of nature, respect for the law, and responsibility to future generations.

Қарақалпақ халқының уллы шайыры, Өзбекстан Қаҳарманы, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры Ибрайым Юсуповтың поэзиясы миллий әдебиятымыздың идеялық-эстетикалық раўажланыўында айрықша орын ийелейди. Ол лирик шайыр, драматург, аўдармашы ҳәм публицист болып ғана қоймай, ал халықтың тарийхый өтмишин, миллий өзлигин, ўатан сүйиўшилик сезимин ҳәм азаматлық ар-намысын көркем сөз арқалы жаңғыртқан уллы дөретиўши болды. Шайыр Қарақалпақстан Республикасы Мәмлекетлик гимни текстиниң авторы да болып табылады. Бул факт оның дөретиўшилигинде Ўатан ҳәм мәмлекетшилик идеясының қандай әҳмийетке ийе болғанлығын көрсетеди.

И.Юсупов қарақалпақ поэзиясында поэтикалық, терең образлылыққа ийе шығармалары ҳәм айрықша шайырлық мәдениети менен ажыралып турады. Шайыр өз дөретпелеринде ҳәр бир сөзге итибарлылық пенен қарап, көркем тилдиң лексикасынан шеберлик пенен пайдаланып, оларды таңлап керекли орынларда пайдалана алған. [1]

И.Юсупов лирикасындағы Ана Ўатан темасы туўған жерди мақтаў менен ғана шекленбейди. Ол халықтың тарийхый тәғдири, ана тили, миллий өзлик, еркинлик, әдиллик, ҳүждан, мийнет, тәбиятты қорғаў ҳәм келешек әўлад алдындағы жуўапкершилик мәселелери менен тығыз байланыста сәўлеленеди. Шайыр әдилликке исениў, адамның ҳуқықы менен еркинлигин ҳүрметлеў, мәмлекет ҳәм халық алдындағы жуўапкершилик, ҳүждан тазалығы, жәмийетлик тәртип ҳәм тәбиятты қорғаў сыяқлы пуқаралық қәдириятлардың көркем сәўлелениўи мәнисинде қолланылады. Ана Ўатан - шайыр поэзиясының руўхый өзеги. И.Юсупов поэзиясында Ўатан абстракт географиялық түсиник емес. Ол - инсанның киндик қаны тамған топырақ, ана тили, халықтың тарийхый өтмиши, балалық дәўир, ата-баба мийрасы ҳәм келешек әўладтың өмирлик мәканы.

Шайыр ушын Ўатанды сүйиў - белгили бир жерди мақтаў ғана емес, ал сол жердиң машқаласына ортақ болыў, халықтың аўырманлығын сезиў ҳәм оның келешеги ушын жуўапкершиликти мойнына алыў. Усы себепли оның ўатан ҳаққындағы лирикасында мақтаныш сезими менен бирге сыншыллық, қыйналыў, үмит ҳәм азаматлық пафос көринеди.

«Туўған жер» қосығында шайырдың Шымбайға, аўылына ҳәм ата журтына болған терең ықлас-ықырары сәўлеленеди.

Несийбең мың жортсадағы,
Көп жерге дуз тартсадағы,
Даңқ-мәртебең артсадағы, -
Туўған жер ушын баласаң,
Оған бас ийип барасаң.

Лирикалық қаҳарман туўған жерди сырттан бақлаўшы емес, ал оның тарийхый өтмишиниң бир бөлеги сыпатында сөйлейди. Қосықта балалық естелик, аўыл көриниси, тарийхый сана ҳәм перзентлик сағыныш бир пүтин поэтикалық системаға бирлескен. Шайыр Шымбайды «анам» ҳәм «алтын бесик» мәнисиндеги образлар менен байланыстырады. Ана образы адамның биологиялық өмириниң басланыўын аңлатса, туўған жер образы оның социаллық, руўхый ҳәм миллий қәлиплесиўиниң бесиги сыпатында бериледи. Усылайынша, Ўатан кеңислик түсинигинен инсанның ишки дүньясына өтеди. «Туўған жер» қосығының композициясы лирикалық сапар формасында қурылған. Жол бойындағы ҳәр бир көринис қаҳарманның өтмишинде өткен дәўирлерди қайта оятады. Сыртқы кеңислик пенен ишки психологиялық кеңислик өз ара бирлеседи. Туўған жерге қайтыў - тек физикалық сапар емес, ал адамның өз түп-тамырына, миллий өтмишине ҳәм перзентлик парызына қайтыўы болып табылады.

Ўатан ҳәм экологиялық жуўапкершилик И.Юсуповтың «Бул жер еле зор болады» қосығы Ана Ўатан темасының социаллық, экологиялық ҳәм философиялық мазмунда тереңлесиўин көрсетеди. Қосық 1988-жылы Арал экологиялық апатшылығы кескинлескен дәўирде жазылған. Онда қарақалпақ халқын басқа аймаққа көширип әкетиў ҳаққындағы пикирлерге шайырдың азаматлық қатнасы билдириледи. Шығарманың басында халықты көширип әкетиў мәселесиниң адам тәғдири емес, әпиўайы экономикалық есап түринде қаралғаны сынға алынады. Шайыр адамды статистикалық сан, ал Ўатанды географиялық майдан сыпатында түсиниўге қарсы шығады. Оның концепциясында адам туўған топырағына мәдений, тарийхый ҳәм руўхый тамырлар арқалы байланысқан.

Оқыдым бир газетадан,
Ғамхоршымыз көп-аў тоба!
Еринбестен есаплаған,
Сыртымыздан сызып жоба.

Бул қосықтың соңғы бәнтлеринде дарақ метафорасы арқалы көркемлестириледи: «Терең тамыр урған дарақ - Ўатан деген». Адамның Ўатанға қатнасы қарабарақ сыяқлы тамырсыз шөпке емес, ал терең тамыр жайған дараққа мегзетиледи. Бул метафорада халықтың тарийхый турақлылығы, ата-баба мийрасы ҳәм туўған жерден ажырлыўдың руўхый ҳәсирети жәмленген.

Қосықта Ўатанды сүйиў сезими сыншыл пикир менен бирлеседи. Шайыр экологиялық апатшылық ушын тек сыртқы күшлерди айыплаў менен шекленбей, халықтың өз ишиндеги бийпарўалықты, нәпсиқумарлықты ҳәм жуўапкерсизликти да әшкаралайды. Адамның туўған жерге қыянет етиўи - тек экологиялық апатшылық емес, ал Ўатан алдындағы мораллық жынаят сыпатында баҳаланады.

Жер, суў ҳәм тәбият халықтың улыўмалық байлығы болғанлықтан, олардан пайдаланыў жеке мәпке емес, жәмийетлик жуўапкершиликке тийкарланыўы керек. Шайырдың пикиринше, тәбиятқа жасалған қыянет келешек әўладтың жасаў ҳуқықына жасалған қыянет пенен тең деп есаплайды. Шығарманың соңында «жаңа әўлад - ақыллы жас» образы пайда болады. Шайыр келешек әўлад жердиң қәдирине жетип, оны қайта тиклейди деп исенеди. Демек, «Бул жер еле зор болады» деген қайталама тек оптимистлик

тилек емес. Ол - жасларды Ўатанды қайта абаданластырыўға шақыратуғын идеялық сүрен болып табылады.

И.Юсуповтың ўатан сүйиўшилик концепциясында ана тили айрықша орын ийелейди. «Ана тилиме» қосығында қарақалпақ тили халықтың тарийхый өтмиши, руўхый мийрасы ҳәм миллий өзлигиниң белгиси сыпатында жырланады. Шайыр ана тилиниң көркемлик қуўатын жыраўлар, шешенлер, халық дәстанлары, Бердақ ҳәм Әжинияз дәстүрлери менен байланыстырады. Усы арқалы тил жеке адамның сөйлесиў қуралы емес, ал әўладларды бирлестиретуғын тарийхый-мәдений система дәрежесине көтериледи.

Қосықтағы «Ана тилим, сен - басқадан айырмам» деген пикир миллий тилдиң идентификациялық функциясын көрсетеди. Адам ана тили арқалы өз халқын, тарийхын ҳәм руўхый дүньясын таныйды. Тилди жоғалтыў - тек сөзлерди жоғалтыў емес, ал халықтың өзлигин, тарийхый өтмишин ҳәм дүньяны қабыллаў усылын жоғалтыў деген сөз. Ана тилин ҳүрметлеўдиң инсанның мәдений ҳуқықларын ҳүрметлеў менен тең екенин көремиз. Ҳәр бир халықтың өз тилин раўажландырыўы, билим ҳәм мәдениятты сол тилде ийелеўи - оның тәбийий руўхый ҳуқықы. Шайыр бул ҳақыйқатты юридикалық терминлер менен емес, поэтикалық образлар ҳәм тарийхый естеликлер арқалы түсиндиреди. Қосықта ана тили «байтерек», «нан», «уўыз» ҳәм «қан» образлары менен байланыстырылған. Байтерек - тарийхый даўамлылықты, нан - өмирлик зәрүрликти, уўыз - ана тәрбиясын, қан - адамның тәбийғый болмысын аңлатады. Усы метафоралар арқалы тилдиң халық өмириндеги орны терең философиялық мазмунға ийе болады.

И. Юсуповтың «Төк таўындағы ойлар» шығармасында шайыр заман, бийлик, еркинлик, миллий өзлик ҳәм дөретиўшиниң жәмийеттеги орны ҳаққында философиялық пикир жүргизеди. Шығармада «Бүгинги заман басқа, заң басқа» деп атап көрсетиледи. Бул қатар жаңа дәўирдеги жәмийетлик өзгерислердиң формаллық белгиси ғана емес, ал адам еркинлигине жаңаша қатнастың пайда болғанын аңлатады.

Шайыр жаңа нызамның ең баслы жетискенлигин еркин сөйлеў ҳәм еркин жазыў мүмкиншилиги менен байланыстырады. Бул жерде сөз еркинлиги инсанның тийкарғы руўхый ҳәм пуқаралық ҳуқықларының бири ретинде баҳаланады. Шайыр ушын нызамшылық тек жәмийетлик тәртипти сақлаў қуралы емес, ал адамның ҳақыйқатты айтыўына кепиллик беретуғын әдалатлы система болыўы керек.

Ўа, Еркинлик! Жүрген жериң қут қандай!
Не бар сениң орыныңды тутқандай?
Суңқар қустың пәрўазы бар өзиңде,
Таўға шығып, таза ҳаўа жутқандай.
Қайраўдағы ғаздай едиң байлаўлы.
Сәл талпынсаң, ийең қабақ шытқандай,
Туўған елди айтқызбады-аў Ўатан деп.

Шығармадағы еркинлик суңқардың пәрўазына ҳәм таза ҳаўаға мегзетиледи. Суңқар - еркинликтиң, бийикликтиң ҳәм руўхый ғәрезсизликтиң символы. Таза ҳаўа - ашық жәмийет, еркин пикир ҳәм қорқынышсыз жасаўдың метафорасы. Ал, «қайраўдағы ғаз» образы қадағалаў астындағы, еркинлиги шекленген адамның жағдайын көрсетеди. Шайырдың пикиринше, сөз еркинлиги халыққа қарсы бағытланған тәртипсизлик емес. Керисинше, еркин пикир жәмийеттеги кемшиликлерди ўақтында анықлаўға, ҳақыйқатты айтыўға ҳәм нызамсызлықтың алдын алыўға хызмет етиўи керек. Демек, шайыр еркинлик пенен жуўапкершиликти бир-бирине қарсы қоймайды. Оларды демократиялық жәмийеттиң өз ара байланысқан қәдириятлары сыпатында түсинеди.

«Халық сөзлери» қосығы нақыл-мақаллар, шешенлик сөзлер ҳәм халық даналығы тийкарында жазылған. Шайыр халықтың әсирлер даўамында топлаған мораллық тәжирийбесин заманагөй жәмийетлик мәселелер менен байланыстырады. Қосықта наданлық, менменлик, жағымпазлық, әдилсизлик ҳәм бийликти жеке мәп ушын пайдаланыў сынға алынады. Ҳәмелге ылайықсыз адамның пуқараға зулымлық етиўи халық нақылларының сатиралық интонациясы арқалы әшкараланады.

Бәдҳасылға ҳәмел жетсе,
Пуқарасын талар ийтше,
Қумырсқаға қанат питсе,
Ҳәлек питер келе-келе.

Бул жерде шайырдың концепциясы әдалатлы басқарыў принципи менен байланысады. Бийлик - жеке үстемлик қуралы емес, ал халыққа хызмет етиў жуўапкершилиги. Ҳәмелдар нызамға, ҳүжданға ҳәм халық мәпине сүйенгенде ғана жәмийетте әдиллик орнайды. Шығарманың поэтикалық қуўаты халық тилиниң қысқа, өткир ҳәм улыўмаластырыўшы тәбиятынан келип шығады. Шайыр нақыл-мақалларды

әпиўайы қайталамай, оларды заманагөй социаллық мазмун менен байытады.

И.Юсупов дөретиўшилигинде ҳуқықый концепциясының ең терең қатламы ҳүждан түсиниги менен байланыслы. Шайыр ушын нызам адамның сыртқы ҳәрекетин тәртипке салса, ҳүждан оның ишки дүньясын басқарады. Ҳүждансыз адам нызам талапларын үстиртин орынлағаны менен, әдил инсан дәрежесине көтериле алмайды.

Шайыр менменлик, тәкаббырлық ҳәм келешек әўладтың мәпин ойламаўды адамзат алдындағы үлкен қылмыс сыпатында көрсетеди. Оның поэзиясында қылмыс юридикалық түсиниктен де кең мәниге ийе. Тәбиятты қуртыў, халықтың бирлигин бузыў, ҳақыйқатты жасырыў, ҳәмелди жеке мәпке пайдаланыў ҳәм келешек алдындағы жуўапкершиликтен бас тартыў да моралльық қылмыс болып табылады.

Шайыр адамзаттың ең үлкен гүреси сыртқы душпан менен емес, ал өз ишиндеги өзимшиллик, нәпси ҳәм ҳүждансызлық пенен болыўы керек деген идеяны алға сүреди. Бул концепция нызамлы жәмийеттиң тек сыртқы қадағалаў менен емес, ал пуқаралардың ишки мәденияты ҳәм ҳүждан жуўапкершилиги менен қурылатуғынын көрсетеди.

Ибрайым Юсупов дөретиўшилигинде Ана Ўатан ҳәм нызамшылық темасы өз ара тығыз байланысқан бир пүтин идеялық-көркемлик концепцияны қурайды. Шайыр ушын Ана Ўатан - туўған топырақ, халықтың тарийхый өтмиши, ана тили, миллий өзлик, тәбият ҳәм келешек әўладтың тәғдири. Ўатанды сүйиў сезими оның поэзиясында бос мақтаныш емес, ал сол жердиң машқаласына ортақ болыў, оны қорғаў ҳәм абаданластырыў жуўапкершилиги сыпатында көринеди. Шайырдың поэзиясы бүгинги жасларды Ўатанды сүйиўге ғана емес, ал оның раўажланыўына жуўапкер болыўға, нызамды хүрметлеўге, ҳақыйқатты айтыўға, миллий өзликти сақлаўға ҳәм жәмийетлик турмысқа белсене қатнасыўға тәрбиялайтуғын үлкен руўхый мектеп болып табылады.

Пайдаланылған әдебиятлар

1. Kórkem óner hám mádeniyat Xabarshısı. №2.2024.
2. Оразымбетов Қ. Таңламалы шығармалары 1-том. Нөкис: Билим, 2018.
3. Юсупов И. Таңламалы шығармалары 2-том. Нөкис: Билим, 2018.
4. Юсупов И. Таңламалы шығармалары 1-том. Нөкис: Қарақалпақстан, 1992.